



Vòl Idantite Ak Nimewo Sekirite Sosyal Ou

Ki sa ki andedan

Nimewo w la konfidansyèl	1
Ki jan yon moun ka vòlè nimewo w la?	2
Fè atansyon avèk kat ak nimewo Sekirite Sosyal ou a	2
E si w panse gen yon moun k ap itilize nimewo w la?	2
E si yon vòlè idantite ap kreye pwoblèm kredi pou ou?	2
Èske w ta sipoze chèche gen yon nouvo nimew	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Vòl idantite se youn nan krim ki plis ap vale teren ann Amerik. Yon moun ki malonèt ki genyen nimewo Sekirite Sosyal ou ka sèvi avè l pou l jwenn lòt enfòmasyon pèsònèl sou ou. Vòlè idantite yo ka itilize nimewo Sosyal ou ak bon kredi w genyen pou yo aplike pou plis kredi sou non w. Ansuit, yo itilize kat kredi yo epi yo pa peye bil yo, epi konsa yo domaje kredi w. Ou ka pa menm konnen si yon moun ap itilize nimewo Sosyal ou jiskaske yo refize w kredi, oswa ou kòmanse ap resevwa apèl nan men kreditè ou pa menm konnen k ap mande pou fè pèman pou bagay ou pa t janm achte.

Yon moun k ap itilize nimewo Sekirite Sosyal ou ilegalman epi ki pran idantite w ka koze yon pakèt pwoblèm.

Nimewo w la konfidansyèl

Administrasyon Sekirite Sosyal la pwoteje nimewo Sekirite Sosyal ou epi li kenbe dosye w yo konfidansyèl. Nou pa bay pèsòn nimewo w la, eksepte lè lalwa otorize sa. Ou ta dwe fè atansyon lè w ap pataje nimewo w la, menm lè yo mande w pou bay li. Ou ta dwe mande pou ki rezon moun nan bezwen nimewo Sosyal ou a, ki jan yo pral itilize l epi ki sa k ap rive si w refize bay li. Repons kesyon sa yo ka ede w deside si w vle bay yon moun nimewo Sekirite Sosyal ou.

Ki jan yon moun ka vòlè nimewo w la?

Vòlè idantite jwenn enfòmasyon pèsònèl ou lè yo:

- Vòlè pòtfèy, bous ak kourye w (deklarasyon labank ak kat kredi, òf kredi pre-apwouve yo voye ba w, nouvo chèk, ak enfòmasyon taks);
- Vòlè enfòmasyon pèsònèl ou bay nan yon sit entènèt ki pa sekirize, nan dosye biznis oswa pèsònèl nan travay, ak enfòmasyon pèsònèl lakay ou;
- Fouye nan fatra lakay ou, fatra nan biznis yo ak fatra piblik pou yo jwenn enfòmasyon pèsònèl;
- Pran pòz swa nan telefòn swa nan imèl kòmkiwa yo se yon moun ki vrèman bezwen enfòmasyon sou ou, tankou anplwayè, pwopriyetè kay; oswa
- Achte enfòmasyon pèsònèl nan men sous “konfidansyèl”. Pa egzanp, yon vòlè idantite ka peye yon anplwaye nan yon magazen pou l jwenn enfòmasyon sou ou ki parèt sou yon aplikasyon pou achte pwodui, sèvis oswa pou jwenn kredi.

Fè atansyon avèk kat ak nimewo Sekirite Sosyal ou a

Lè w kòmanse yon djòb, asire w anplwayè w la genyen nimewo Sekirite Sosyal ou ki kòrèk konsa dosye w yo kòrèk. Bay enstitisyon finansye w yo nimewo Sekirite Sosyal ou pou yo ka rapòte enfòmasyon pou taks ou. Kenbe kat ou a ansanm ak tout lòt dokiman ki gen nimewo Sekirite Sosyal ou nan yon kote ki sekirize. PINGA w mache ak kat ou oswa lòt dokiman ki gen nimewo w la sou li.

E si w panse gen yon moun k ap itilize nimewo w la?

Pafwa gen plis pase yon moun ki itilize menm nimewo Sekirite Sosyal, swa pa ekspès swa pa aksidan. Si w sispèk gen yon moun k ap itilize nimewo Sosyal ou pou travay, ou ta dwe

kontakte nou pou rapòte pwoblèm nan. Nou pral egzamine salè w ansanm avèk ou pou nou asire dosye nou yo kòrèk.

Ou ka egzamine tou salè ki poste sou dosye w nan *Deklarasyon Sekirite Sosyal* ou (*Social Security Statement*). Deklarasyon an disponib sou entènèt la pou travayè ki gen 18 an oswa plis. Pou jwenn Deklarasyon w lan, ale nan **www.socialsecurity.gov/myaccount** epi kreye yon kont.

E si yon vòlè idantite ap kreye pwoblèm kredi pou ou?

Si yon moun te mal itilize nimewo Sekirite Sosyal ou oswa lòt enfòmasyon pèsònèl pou kreye pwoblèm kredi oswa lòt pwoblèm pou ou, Sekirite Sosyal paka rezoud pwoblèm sa yo. Men genyen plizyè bagay ou ka fè.

Vizite **IdentityTheft.gov** pou rapòte vòl idantite epi jwenn yon plan pou rekiperasyon. **IdentityTheft.gov** gide w atravè chak etap nan pwosesis rekiperasyon an. Se yon resous santralize kote se Federal Trade Commission, ajans pwoteksyon konsomatè peyi a ki jere l. Ou ka rele tou **1-877-IDTHEFT (1-877-438-4338)**; TTY **1-866-653-4261**.

Ou ka vle kontakte tou Internal Revenue Service (IRS). Yon vòlè idantite ka itilize nimewo Sekirite Sosyal ou a tou pou ranpli taks sou non w epi resevwa lajan ou sipoze resevwa a. Si w elijib pou resevwa lajan taks, yon vòlè ka ranpli yon taks anvan w epi se vòlè a ki resevwa kòb la. Apresa, lè w ranpli taks pa w, IRS pral panse ou te deja resevwa lajan w lan. Si yon moun vòlè nimewo Sekirite Sosyal ou, yo ka itilize l pou jwenn yon djòb. Anplwayè moun sa a ta va rapòte salè nan IRS avèk nimewo Sekirite Sosyal ou a. Sa pral parèt kòmkiwa ou pa t rapòte tout revni w te fè sou fòm taks ou. Si w panse ou ka gen pwoblèm taks paske yon moun te vòlè idantite w, ale nan **www.irs.gov/uac/Identity-Protection** oswa rele **1-800-908-4490**.

Epitou, ou ta dwen pote yon plent sou entènèt nan Internet Crime Complaint Center (IC3) lè w al sou www.ic3.gov.

IC3 bay viktim krim enfòmatrik yo yon fason ki fasil pou yo rapòte sa epi sa avèti otorite yo sou kèk vyolasyon kriminèl oswa sivil ou sispèk. IC3 voye tout plent yo nan youn oswa plizyè ajans ki fè aplike lalwa oswa ajans regilatwa ki gen jiridiksyon pou jan de krim sa yo.

Misyon IC3 se pou resevwa, devlope, epi refere plent kriminèl yo konsènan arèn krim enfòmatrik la ka p rapidman vale teren. IC3 sèvi kominote ajans k ap fè aplike lalwa k ap konbat krim enfòmatrik. Sa enkli ajans federal, leta, lokal ak entènasyonal.

IC3 a refilete yon patenarya ant Biwo Envestigasyon Federal la (FBI). Sant Nasyonal pou Krim Kòl Blan (National White Collar Crime Center) ak Biwo Asistans Jidisyè (Bureau of Justice Assistance).

Ou ta dwe siveye rapò kredi w tou detanzantan. Ou ka jwenn rapò kredi gratis sou entènèt la lè w ale nan www.annualcreditreport.com.

Èske w ta sipoze chèche gen yon nouvo nimew

Si w te fè tout sa w kapab pou fikse pwoblèm nan akòz yon moun te mal itilize nimewo Sekirite Sosyal ou, epi yon moun kontinye ap itilize nimewo w la, nou ka ba w yon nouvo nimewo Sosyal.

Ou paka gen yon nouvo nimewo Sekirite Sosyal:

- Si kat Sekirite Sosyal ou a pèdi oswa yo vòlè l, men pa gen ankenn prèv ki montre yon lòt moun ap itilize nimewo w la;
- Pou evite konsekans ki mache avèk lè w deklare fayit; oswa
- Si w gen entansyon kouri pou lalwa oswa kouri pou responsablite legal ou.

Si w deside aplike pou yon nouvo nimewo Sosyal, ou pral bezwen pwouve idantite w, laj ou, sitwayènte w kòm ameriken oswa estati

imigrasyon w. Pou plis enfòmasyon, mande pou *Nimewo ak Kat Sekirite Sosyal ou a* (Publication Number 05-10002). Ou pral bezwen bay prèv ou gen anpil pwoblèm ki paka rezoud akòz move itilizasyon nimewo Sosyal ou a.

Se pou sonje yon nouvo nimewo pwobableman pap rezoud tout pwoblèm ou yo. Rezon an se paske lòt ajans gouvènman an (tankou IRS ak ajans motè veyikil eta a) ak biznis prive (tankou bank ak konpayi ki rapòte kredi) pral gen dosye anba ansyen nimewo Sosyal ou a. Ansanm ak lòt enfòmasyon pèsònèl, konpayi ki rapòte kredi yo itilize nimewo a pou idantifye dosye kredi w. Kidonk lefètke ou itilize yon nouvo nimewo se pa yon garanti ou gen yon nouvo depa. Sa espesyalman vrè si lòt enfòmasyon pèsònèl ou, tankou non w ak adrès ou toujou rete menm.

Si w resevwa yon nouvo nimewo Sekirite Sosyal, ou pa ta dwe sèvi ak ansyen nimewo a ankò.

Pou kèk viktim vòl idantite, yon nouvo nimewo aktyèlman kreye nouvo pwoblèm. Si ansyen enfòmasyon sou kredi a pa asosye avèk nouvo nimewo w la, absans antedan kredi anba nouvo nimewo Sekirite Sosyal ou a ka rann li pi difisil pou jwenn kredi.

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an www.socialsecurity.gov. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo

dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;

- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration
Publication No. 05-10064-HC | June 2017
Vòl Idantite Ak Nimewo Sekirite Sosyal Ou
Identity Theft and Your Social (Haitian-Creole)
Produced and published at U.S. taxpayer expense
Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a